



Pou Piblikasyon Imedya: 06/02/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON MANM ASANBLE JAMIE ROMEO NAN GREFYE KONTE MONROE

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nominasyon Manm Asanble Jamie Romeo nan Biwo Grefye Konte Monroe a.

"Manm Asanble Romeo se yon vrè sèvitè piblik ak yon defansè enèjik pou Konte Monroe", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen fyè pou nome li Grefye Konte Monroe epi mwen konfyan ke li pral kontinye fè yon gwo djòb nan travay nan non abitan konte a."

**Manm Asanble Jamie Romeo te deklare,** "Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou gwo onè ak vòt konfyans sa a. Sèvi Konte Monroe te yon pasyon pou mwen depi avan mwen te anrejisre pou vote, epi mwen santi mwen touche akòz opòtinite pou kontinye sèvi abitan gran kominote nou an. Mwen gen yon vizyon anbisyè pou Biwo Grefye Konte (County Clerk's Office) a, epi travay avèk patènè nou yo nan gouvènman tankou Chèf Egzekitif Konte a Adam Bello, mwen konfyan ke nou pral kontinye tire rido a ki te kache Gouvènman Konte a pou abitan li sèvi yo pandan twò lontan. Gouvènman Konte a, gen ladan Biwo Grefye Konte a, genyen gwo opòtinite pou kreye chanjman tanjib, pozitif nan kominote nou an epi mwen pa ka tann pou mwen fè pati nouvo epòk sa a nan istwa Konte Monroe".

### Manm Asanble Jamie Romeo

Yo te premye eli Manm Asanble Jamie Romeo nan pouvwa an 2018. Li se yon abitan pandan lontan vil Irondequoit nan Konte Monroe. Kòm yon etidyan premye ak dezyèm sik nan St. John Fisher College apre sa SUNY Brockport, li te travay kòm yon manm pèsònèl pou Lejislati Konte Monroe a, byen vit li te monte direktè pèsònèl. Manm Asanble Romeo te sèvi tou kòm direktè kabinè ansyen Senatè Eta New York Ted O'Brien, ki te reprezante 55yèm Distri a. Li te resevwa tou yon Prim Imanitè Entènasyonnal (International Humanitarian Award) nan men Asosyasyon Nasyon Zini Rochester (United Nations Association of Rochester) an 2011.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)